

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Pupujian nyaéta puisi tradisional anu eusina ngeunaan kaagungan, doa jeung tobat ka Allah, salawat pikeun meunangkeun sapaat Rasulullah, nganaséhatan umat sangkan ngajalankeun paréntah Allah jeung ngajauhkeun laranganna, sarta nepikeun pangajaran ngeunaan kaagamaan. Pupujian ogé mangrupa karya sastra Sunda wangun puisi, anu ditepikeunna sacara lisan ku barudak, santri, jeung masarakat umum atawa sesepuh di unggal masigit, madrasah, jeung pasantrén. Dina unggal pupujian, miboga ajén-ajén agama anu luhung tur bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoéna.

Dina ieu panalungtikan, kaasup panalungtikan kualitatif kalayan métode déskriptif-analitik, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun puisi pupujian anu aya di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung, Kabupatén Bogor. Ku kituna, dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik studi pustaka, observasi, wawancara, dokuméntasi, transliterasi naskah, sarta téknik angkét pikeun data *pendukung* kana ieu panalungtikan. Salian ti éta, dina ngolah datana nyaéta ku cara nganalisis struktur lahir jeung struktur batin, ayana réson masarakat sabudeureun kana ayana pupujian, jeung salasahiji pupujian anu geus dianalisis dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP/MTs.

Pupujian anu kapanggih di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung, Kabupatén Bogor jumlahna aya 58 judul pupujian anu sumebar ti 5 narasumber. Éta 58 judul pupujian téh ngawengku 6 judul pupujian ngeunaan muji kaagungan Allah, 4 judul pupujian ngeunaan salawat ka Rasulullah, 5 judul ngeunaan doa jeung tobat ka Allah, 3 judul ngeunaan neda safaat ka Rasulullah, 14 judul ngeunaan naséhat ka umat sangkan ngajalankeun ibadah, amal soleh, jeung ngajauhan ma'siat, sarta 26 judul pupujian ngeunaan pangajaran kaagamaan.

Pupujian anu jumlahna 58 judul téh, 12 judul pupujianna dianalisis dumasar kana struktur lahir anu ngawengku tipografi/tatarupa, diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, purwakanti, jeung struktur batin anu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Dina struktur lahir bagian kahiji nyaéta tipografi/tatarupa, kapaluruh jumlah pada anu panglobana nyaéta 65 pada dina sajudul, anu pangsaeutikna nyaéta

6 pada dina sajudul, dina unggal pada miboga jumlah padalisan anu béda, ti 2 padalisan nepi ka 5 padalisan, lolobana 4 padalisan, sarta dina unggal padalisan diwangun ku engang, jumlah engang anu kapaluruh rupa-rupa, aya nu 6, 7, 8, 9, 10, 11, jeung 12 lolobana mah ku 8 engang.

Kadua, diksi anu kapaluruh dina pupujian di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung, Kabupatén Bogor nyaéta ngagunakeun diksi anu tinimbangan kana purwakanti jeung wirahma, basa anu digunakeunna ogé lolobana basa sapopoé anu gampang dipikaharti, sarta ayana kekecapan basa Arab pikeun ngadoa, *pengantar* dina éta pupujian. Ieu hal, saluyu jeung pangaruh agama Islam kana pupujian. Katilu, imaji jeung kecap kongkrit, imaji anu kapaluruh nyaéta imaji visual (*penglihatan*) jeung imaji rasa, ieu hal dibuktikeun ku kecap kongkrit saperti Mekah, Madinah, sawarga, dunya, ahérat, sedih, reueus, sieun, bagja, jrrd.

Kaopat, nyaéta aya gaya basa, gaya basa anu kapaluruh dina ieu pupujian nyaéta gaya basa ngupamakeun (*simile*) anu jumlahna 3, gaya basa rautan (*eufimisme*) anu jumlahna 3, gaya basa raguman turunan, ébréhan, jeung silib ngomong dua masing-masing jumlahna 1. Kalima, purwakanti anu kapaluruh nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti margaluyu, purwakanti laraspurwa, purwakanti laraswekas, purwakanti mindoan kawit, purwakanti mindoan wekas, jeung purwakanti mindoan kecap.

Salajengna, analisis struktur batin anu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Téma anu kapaluruh dina pupujian di ieu désa nyaéta ngeunaan kaagungan Gusti Allah, pépéling, salawat ka Rasulullah, jeung pangajaran kaagamaan. Rasa anu nyangkaruk dina unggal pupujian nyaéta rasa sedih, reueus, sieun, sukur jeung kabungah. Dina bagian nadana, anu kapaluruh nyaéta sikep ngadidik jeung méré naséhat, sarta amanat anu nyangkaruk, umumna nyaéta pikeun ngalaksanakeun parantéh Allah jeung ngajauhkeun sagala laranganana.

Salian ti éta, dina ieu panalungtikan nyangking réspon ti masarakat sabudeureun kana ayana pupujian, yén masarakat ngarasa diélingan tuluy ku ayana pupujian, masarakat ogé satuju saupama pupujian diajarkeun deui ka barudak utamana ngadukung saupama pupujian dijadikeunana bahan pangajaran di sakola. Pamungkas, salasahiji pupujian di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung,

Kabupatén Bogor dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP/MTs. Ieu hal, saluyu jeung KIKD dina kurikulum 2013 révisi 2017.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Panalungtikan anu geus dilakukeun ieu tangtuna miboga mangpaat ngeunaan kasrya sastra Sunda nyaéta puisi pupujian pikeun masarakat satempat hususna, umumna pikeun pihak-pihak anu kalibet tur ngadukung kana bérésna ieu panalungtikan. Dumasar kana éta hal, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun dina ieu panalungtikan sangkan nambahan deui pangaweruh dina kahirupan sapopoéna. Ieu rékoméndasi ditujukeun pikeun guru, siswa, jeung panalungtik satuluyna.

Guru basa Sunda kudu bisa milih bahan ajar anu kréatif tur variatif, sabab loba dina prosés pangajaran murid geus horéam ti heula saméméh lumangsungna prosés diajar. Ku kituna, perlu ayana métode anu variatif ti unggal lawungan sangkan henteu monoton, bisa waé ku cara nganadomkeun pupujian saméméh diajar. Ieu hal tangtu, bakal leuwih némbongkeun kesan anu béda, di saluareun éta, guru bisa matalikeun antara pupujian anu dinadomkeun kana pangajaran basa Sunda.

Siswa kelas VII SMP anu neuleuman pangajaran pupujian, sakuduna bisa leuwih sosen-sosen deui nalika diajarna, sabab dina unggal pupujian anu dinadomkeun siswa bakal meunangkeun ajén-ajén anu luhung pikeun ngajadikeun pribadi anu leuwih hadé deui.

Pamungkas, pikeun panalungtik satuluyna. Ieu panalungtikan dipuseurkeun kana ulikan struktural anu ngawengku struktur lahir jeung struktur batin, sarta ayana réspon anu leuwih teleb ti masarakat sabudeureun kana ayana pupujian. Ku kituna, panalungtik satuluyna kudu bisa leuwih némbongkeun konsép anu béda sarta bisa ngajieun média anu bisa numuwuhkeun karesep siswa jeung masarakat kana pupujian.